



Pou Piblikasyon Imedya: 19/01/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE 80 SIT VAKSINASYON TANPORÈ #VAXFORKIDS
SOU YON PERYÒD 6 SEMÈN POU OGMANTE POUSANTAJ VAKSINASYON PAMI
TIMOUN AK ADOLESAN NEW YORK YO**

10 nouvo sit tanporè te lanse atravè Eta a semèn sa

*Nouvo sit yo pral anonse chak semèn pou sipòte objektif Eta a pou asire timoun
ki gen 5 ane ak pi gran yo pran vaksen epi respekte tout dòz vaksen COVID-19 ki
rekòmande yo*

Lis konplè sit yo mete ajou chak semèn [isit la](#)

*Paran ak responsab yo kapab jwenn plis enfòmasyon nan ny.gov/vaxforkids;
Gen ladan [resous](#) pou òganizasyon k ap resevwa evènman #VaxforKids yo*

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a 80 sit vaksinasyon tanporè #VaxforKids (vaksen pou timoun) pral anplas atravè New York sou yon peryòd 6 semèn, kote 10 sit tanporè te lanse semèn sa a. Nouvo sit yo sipòte objektif Eta a pou asire timoun New York ki gen 5 ane ak pi gran yo pran vaksen epi respekte tout dòz vaksen COVID-19 ki rekòmande yo. Depatman Sante Eta a ap travay avèk lokalite yo, òganizasyon kominotè yo, ak sant swen sante ki sou plas yo pou etabli sit sa yo nan tout rejyon yo nan eta a. Patnè, sit òganizatè ak efò sansibilizasyon yo pral pèsonalize pou pi byen satisfè bezwen kominote y ap sèvi yo.

"Fè timoun nou yo vaksinen se pi bon fason pou nou kenbe yo an sante ak deyò lopital", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Kanpay #VaxforKids nou an chita sou efò kontinyèl nou yo pou pote vaksen san danje, gratis ak disponib dirèkteman bay fanmi New York yo epi asire paran ak responsab yo gen tout resous enfòmasyon fyab ak apwouve pa doktè ke yo bezwen. Plis pase 1.5 milyon timoun te deja vaksinen nan Eta New York, epi mwen ankouraje paran ak responsab yo pou fè yo timoun yo vaksinen ak pran dòz siplemantè lè yo kalifye pou sa osito posib".

Eta a te lanse [kanpay #VaxforKids](#) pou ogmante pousantaj vaksinasyon pami timoun New York 5 - 11 ane yo epi bay dòz siplemantè pou adolesan 12 -17 ki kalifye yo, k ap ranfòse plis angajman Gouvènè a pou rann sante ak byennèt timoun, fanmi ak kominotè lekòl yo yon priyorite prensipal. Jiskaprezan, plis pase [1.5 milyon timoun 5 - 17](#) ane te vaksinen kont COVID-19. Nan 18 janvyè 2022, [34.3%](#) timoun 5 - 11

ak [74.3%](#) adolesan 12 - 17 te resevwa omwen yon dòz ak [23.9%](#) timoun 5 - 11 ak [66.1%](#) adolesan 12 - 17 te fini seri vaksen inisyal yo.

"Mwen ankouraje paran ak responsab New York yo pou vaksinen timoun yo kont COVID-19 osito posib", **Komisè Sante Eta pa Enterim, Doktè Mary T. Bassett, te deklare**, "Nou kontinye wè plis pousantaj nan [enfeksyon ak ospitalizasyon pedyatrik](#), epi vaksinasyon an sèlman se pi bon fason pou pwoteje yo. Pandan plizyè deseni, vaksen - youn nan pi gwo istwa siksè sante piblik - te kenbe timoun nou yo an sekirite kont enfeksyon danjere epi vaksen COVID-19 la ap fè menm bagay la. Nan patenarya avèk òganizasyon kominotè yo ki sou plas, nouvo sit #VaxforKids nou yo pral pote vaksen dirèkteman bay Nouyòk yo - rankontre ak fanmi yo kote yo ye, nan yon fason yo kapab konfyè".

Yon pwofesyonèl medikal kominotè ap disponib nan chak sit pou reponn nenpòt kesyon paran ak responsab yo ta genyen. Jou fonksyonman yo pou chak nan sit tanporè #VaxforKids yo anba a. Nouvo sit yo pral anonse chak semèn sou yon peryòd 6 semèn. Lis konplè sit #VaxforKids yo disponib [isit la](#).

NORTH COUNTRY

Peru High School

17 School Street

Peru, NY 12972

Ouvri: Mèkredi 19 janvyè; 3:00 pm - 6:00 pm

Kalite vaksen: Pfizer-BioNTech ak Moderna

Pou enskri: 5-11 [isit la](#); 12 ak pi gran [isit la](#); dòz siplemantè yo [isit la](#)

Patnè Evènman: Konte Clinton

Laj 5+

HUDSON VALLEY

Sullivan County Public Health Services

50 Community Lane

Liberty, NY 12754

Ouvri: Mèkredi 19 janvyè; 2:00 pm - 5:00 pm

Kalite vaksen: Pfizer-BioNTech

Enskri [isit la](#) oswa rele 845-292-5910

Patnè Evènman: Konte Sullivan

Laj 12 an e+

SOUTHERN TIER

Homer Brink Elementary School

3618 Briar Lane #2404

Endicott, NY 13760

Ouvri: Mèkredi 19 janvyè; 4:00 pm - 6:00 pm

(Pou manm Homer Brink Elementary School.)

Kalite vaksen: Pfizer-BioNTech

Patnè Evènman: Konte Broome

Premye dòz pou laj 5-11; Dòz siplemantè pou laj 12+ Dòz siplemantè

WESTERN NEW YORK

Niagara Community College Learning Commons

3111 Saunders Settlement Rd.

Sanborn, NY 14132

Ouvri: Mèkredi 19 janvyè; 9:00 am - 3:00 pm

Kalite vaksen: Pfizer-BioNTech, Janssen/J&J, ak Moderna

Pou enskri: 5-11 premye dòz [isit la](#), dezyèm dòz [isit la](#); 12+ dòz siplemantè [isit la](#);

Janssen/J&J [18+ isit la](#)

Patnè Evènman: Niagara County Department of Health

Laj 5+

MOHAWK VALLEY

Family Counseling Center, Inc.

11 Broadway Street

Gloversville, NY 12078

Ouvri: Mèkredi 19 janvyè; 11:00am - 7:00pm

Kalite vaksen: Pfizer-BioNTech ak Moderna

Patnè Evènman: Family Counseling Center

Laj 5+

CENTRAL NEW YORK

Marathon Civic Center

16 Brink Street

Marathon, NY 13803

Ouvri: Mèkredi 19 janvyè; 10:00 am - 7:00 pm

Kalite vaksen: Pfizer-BioNTech ak Janssen/J&J

Patnè Evènman: Konte Cortland ak Vilaj Marathon

Laj 5+

CENTRAL NEW YORK

Marathon Civic Center

16 Brink Street

Marathon, NY 13803

Ouvri: Jedi 20 janvyè; 10:00 am - 7:00 pm

Kalite vaksen: Pfizer-BioNTech ak Janssen/J&J

Patnè Evènman: Konte Cortland ak Vilaj Marathon

Laj 5+

MOHAWK VALLEY

Fulton County Department of Health

127 East State Street

Gloversville, NY 12078

Ouvri: Jedi 20 janvyè; 10:00 am - 6:00 pm

Kalite vaksen: Pfizer-BioNTech ak Moderna

Pou enskri: https://booknow.appointment-plus.com/6z7p0e2q/?e_id=3431

Patnè Evènman: Konte Fulton

Laj 5+

NORTH COUNTRY

Clinton Community College

158 Clinton Point Drive

Plattsburgh, NY 12901

Ouvri: Jedi 20 janvyè; 10:00 am - 6:00 pm

Kalite vaksen: Pfizer-BioNTech ak Moderna

Pou enskri: <http://www.clintonhealth.org/covid19vaccine/>

Patnè Evènman: Konte Clinton

Laj 5+

SOUTHERN TIER

St. James Elementary School

143 Main St

Johnson City, NY 13790

Ouvri: Jedi 20 janvyè; 4:00 pm - 6:00 pm

(*Pou manm St. James Elementary School sèlman)

Kalite vaksen: Pfizer-BioNTech

Patnè Evènman: Konte Broome

Premye dòz pou laj 5-11; Dòz siplemantè pou laj 12+ Dòz siplemantè

Timoun ki genyen senk ane ak pi gran yo kalifye pou vaksen COVID-19 Pfizer-BioNTech. Nan [7 janvyè 2022](#), adolesan 12 ane ak pi gran yo kalifye pou yon dòz siplemantè vaksen Pfizer-BioNTech omwen senk mwa apre yo fini seri vaksen inisyal yo. Anplis de sa, timoun 5 - 11 ane ki gen kèk kondisyon iminodeprime kalifye [kounye a](#) pou yon dòz siplemantè vaksen Pfizer-BioNTech omwen 28 jou apre yo fini seri vaksen inisyal yo. Nou ankouraje founisè swen pedyatrik, paran ak responsab yo pou vizite ny.gov/VaxForKids, ny.gov/Boosters, ny.gov/GetTheVaxFacts, oswa gade [nouvo PSA](#) Komisè Sante a isit la.

Vaksen COVID-19 la gratis epi disponib byen fasil nan tout Eta a, sa gen ladan plis pase 2,000 lokal k ap administre vaksen pou timoun. Tout [sit vaksinasyon an mas eta yo](#) ap administre vaksen an pou timoun ki gen senk ane ak pi gran, dòz siplemantè pou Nouyòkè ki gen 12 ane ak pi gran yo, ak dòz siplemantè pou timoun ki iminodeprime ki gen senk ane ak pi gran. Anplis sit vaksinasyon tanporè ak an mas Eta a, Nouyòkè yo kapab vizite vaccines.gov, voye kòd postal yo atravè mesaj tèks bay 438829 oswa rele 1-800-232-0233 pou jwenn lokal ki toupre yo. Paran ak responsab yo kapab kontakte pedyat pitit yo a, doktè fanmi yo, depatman sante konte yo, Sant Sante ki Kalifye nan nivo Federal (Federally Qualified Health Centers, FQHCs) yo, sant sante riral yo, oswa famasi ki ka bay vaksen an pou gwoup laj sa a. Asire founisè a ofri vaksen COVID-19 Pfizer-BioNTech la.

Nou ankouraje paran ak responsab yo pou asire ke timoun yo ajou pou tout vaksinasyon ki rekòmande epi obligatwa yo, sa gen ladan kont vaksen grip la. Ale sou [sitwèb Depatman Sante](#) pou plis enfòmasyon sou vaksinasyon ki rekòmande pou timoun ak adolesan.

###

Lèt nou vèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)